# SORAW BERIW HÁM JUWAP BERIW SHEBERLIKLERI
## (Publicist A.Xalmuratovtıń dóretiwshiligi mısalında)

**Zarımbetova J.**
*Qaraqalpaq mámleketlik universiteti doktorantı*

Jurnalistika janrları haqqında sóz etkende házirgi waqıtta alımlar arasında biraz tartıslardıń bar ekenligi anıq kórinedi. Rus alımları publicistika janrların tiykarǵı úsh toparǵa bólip qórsetse, al Batıs Evropa, Amerika alımları eki toparǵa, anıǵıraǵı sholıw hám analiz jurnalistikasına ajıratıwdı atap ótedi. Qaraqalpaq jurnalistikasın usı kóz-qarastan qaraǵanda biz úsh toparǵa bólgendi, úshinshi topardaǵı kórkem publicistikalıq janrlardıń bar ekenin atap ótiw orınlı. Ásirese, ocherk, súwretleme, esseler biziń qaraqalpaq baspasózinde kóbirek ushırasadı. Bul ilimiy maqalamızda dóretiwshiligin analizge tartıp otırǵan publicist-jazıwshı Atajan Xalmuratov dóretiwshiligi de bunnan jıraq emes. Ayrıqsha atap ótiwimiz tiyis, informaciyalıq hám analitikalıq jurnalistika boyınsha rus tilinde shıqqan kitaplar az emes [1]. Lekin, olarda hámme janrlar birdey úyrenilmegen. Máselen, reportaj hám intervyu janrları haqqında miynetler júdá kem. Bul hám basqa janrlar jónindegi kitaplarda da jurnalistikaǵa baylanıslı atamalarǵa hám janrlıq atamalardıń kelip shıǵıw tariyxı yamasa usı terminler etimologiyasına júdá kem kewil bólinedi.

Biz bul ilimiy maqalamızda qaraqalpaq jurnalisti A.Xalmuratovtıń intervyu janrında qálem terbetiw sheberligi menen intervyu janrında sorawlarǵa juwap beriw hám soraw beriw sheberligine toqtamaqshımız. Jurnalistika teoriyasında bul ele úyrenilmegen másele. Ilimiy-izertlewlerde jurnalistikadaǵı bunday qarama-qarsılıqlı táreplerdi úyreniw dástúri sońǵı waqıttaǵı ilimiy izertlewlerde kóbirek kózge taslanbaqta. Pikirimizdi dálellep kórsetiw ushın biz jurnalisttiń intervyu janrında jazılǵan «Jasaw baxıtı» [2] hám ózi intervyu bergen «Qarızlarım kóp dúnya»[3] (Avtorı Ózbekstan Respublikasına miyneti sińgen jurnalist X.Dáwletnazarov) atamasındaǵı dóretpelerdi talqıladıq.

“Intervyu bul jurnalisttiń sorawlarına belgili bir insannıń jámiyetlik qızıǵıwshılıq oyatatuǵınjuwapları bolıp tabıladı.”[4]. «Jasaw baxıtı» [5] intervyuinde avtor dóretpesin birden sorawlar menen baslamaydı. Dáslep qaharman haqqında azı-kem maǵlıwmatlar beredi. Bunnan soń onıń menen sáwbetlesiwge kirisedi.

«-Bıyılǵı jıldı Prezidentmiz Shańaraq jılı dep daǵazaladı. Ulıwma – Shańaraq degen uǵımǵa kóz-qarasıńız? – dep soradım yashullıdan.

-El basshısına raxmet. Al, sorawıńızǵa kelsek – bul keń mánini ańlatatuǵın uǵım. Bunda tuwılıp ósken jeriń, tútin tútetken oshaǵıń, keń paytax Watanıń, bári usı bir awız sózdiń dógeregine jámlesken. Shańaraq – bul ata-anaǵa, kindik qanıń tamǵan jerge, adamlarǵa degen húrmet, ózligińdi tanıw degendi de ańlatadı. Shańaraqtıń bekkemligi onı kóterip turǵan uwıqlarınıń súyegine baylanıslı. Sol aytqanday, Watannıń qúdiretligi – xalıqtıń bekkem awızbirshiliginde.

- Ózińizdi baxıtlı ǵarrı sanaysız ba? Baxıttıń ólshemi bar ma, ózi?
- Jasawdıń, ómir súriwdiń ózi, Allataalanıń bendesine bergen baxıtı. Biraq, el-jurtqa kerekli, onıń mápine jaraytuǵın bolıp jasawdıń náshesi óz aldına. Sonıń ushın onıń ólshemi bolmaydı, ómir dawam eter eken, jaqsı bir nárseden úmit etip jasaysań…»

Biz bul orında avtordıń sorawlarınıń, sonıń menen birge, qaharmannıń juwaplarınıń bárin biykarǵa berip otırǵan joqpız. Soraw beriwdegi avtordıń sheberligi, onıń qısqalıǵı bolıp tabıladı. Ekinshiden, soraw anıq berilgen, ulıwma sózler joq. Úshinshiden, sorawǵa itibar bersek, xalıq awızeki tilindegi sózler, yaǵnıy sóylesik waqtında qollanatuǵın usıl saqlanǵan. «Baxıttıń ólshemi bar ma, ózi?» yamasa «Ulıwma-Shańaraq degen uǵımǵa kóz-qarasıńız? – dep soradım yashullıdan.» Bundaǵı «ózi», «ulıwma» degen sózler awızeki sóylewde kóbirek isletiledi. Endi juwaplarǵa názer awdarayıq: biz bul jerde avtordıń stilin kórdik. Jurnalist kóbirek xalıqtıń milliy úrp-ádetlerine dıqqat qaratadı, sózlerdi, sóz dizbeklerin, gápti dúzgende ol milliy dástúrden paydalanıp baradı. Bunı onıń juwaptaǵı «tútin tútetken oshaǵıń» degen gápinen biliwge boladı. Oshaq arqalı qaraqalpaq xalqınıń milliy ózgesheligin keltirgen. Xalıq ertede kóp kóship júrgen. Sonda olar oshaqtan keń paydalanǵan. Jaqın jıllarǵa shekem adamlar oshaqtı shańaraqta qollandı. Elimiz ǵárezsiziliginen soń, respublikamızdıń barlıq orınları derlik tábiyiy gazge ótip, oshaq umıtıla basladı. Oshaqtı simvol etip avtor qaraqalpaq xalqınıń obrazın jaratıp turıptı.

Biziń ayrıqsha atap ótetuǵınımız, intervyu janrındaǵı materiallardı oqıǵanımızda, juwap beriwshilerdiń juwaplarınıń dásme-dásligi, ádebiy norma talaplarına tolıq juwap bererligi oylandıradı. Egerde, ol tap solay pikirlese, onıń óziniń atınan sol materialdı beriw kerek. Juwaplardı jurnalistlik til menen sonday bayıtamız, hátte, onıń juwapları ayırım jurnalistlerdiń aytar sózinen de janlı shıǵadı, qaharmanımız tildiń kórkemlew qurallarınan, naqıl-maqallardan sheber paydalanadı.

Endi jurnalist A.Xalmuratovtıń qaharman sıpatında sorawlarǵa juwap beriwine itibar qaratamız.

«Qarızlarım kóp dúnya» [6]atamasındaǵı intervyudi jurnalist X.Dáwletnazarov tayarlaǵan. Onıń qaharmanı A.Xalmuratov. Dóretpe «Kásiplesler sáwbeti» rubrikasında berilgen. Jurnalistika teoriyasına bola, bul da intervyu túri esaplanadı. “Sáwbette journalist qısqa sorawlar beriw menen sheklenbeydi, sáwbetlesi menen básekege kirisedi, onın juwapların sholıydı.” [7]

«X.D. – Assalawma áleykum, Atajan aǵa! Jurnalistikada otız jılǵa shamalas qálem tartqan, nanı juqa bolsa da biziń kásibimizge sadıq bolıp qalǵan ustaz jurnalist sıpatında bir ashılısıp sırlassaq dep júrip edim. Tirishiliktiń kúndelikli ǵalma-ǵalı menen keyinge súrile berdi. Búgin bir reti kelip tur…

A.X. -Wá-áleykum assalam, inim Xalila! Men tayar. Biraq, gúrrińimiz ne haqqında bolıwı kerek? Baǵdarın bilip alsaq, qurı dalaǵa ılaǵıp ketpewimiz ushın jaqsı bolar edi.»

X.D. – Jazıp kelgen tayar juwabım joq, ustaz! Biraq, baǵdar belgili. Barlıq nárse haqqında pikirlesiwimizge boladı. Aytayıq, jurnalistlik kásip, jurnalisttiń jámiyettegi ornı, poziciyası, fakt toplaw, olardı isletiw, qalastırıw jazıw máselesi, bolmasa jurnalist sıyasatshı bolıwı kerek pe? – degen bir sawaldıń ózine juwap tabıw bir gúrrińge jeterli…

A.X. – Tilińniń astında neler jatqanına túsindim. Biraq, bir nársege kelisip alayıq. Mınaw stoldıń átirapına úsh gúrsini qoyamız: birisine siz, ekinshisine biz, otıramız, al, úshinshisi bos turadı.

X.D. – O-nege? Túsinińkiremey qaldım…

A.X. – Onda kózge kórinbey, biziń awzımızdı ańlıp ekewimizdiń HÚJDANÍMÍZ otıradı.»

Berilgen mısallardı tallap kórgenimizde, birinshiden bunda stillik ózgeshelik olardıń awıze ki sóylew tilinen orınlı paydalanǵanı bilemiz. «Assalawma-áleykum» dep sálemleskeninde, olar rásmiylikten jıraqlasadı. Ekinshiden, Shıǵıs xalıqlarına tán jası úlken menen jası kishi arasında sıylasıq saqlawshı sózler isletilgen. Yaǵnıy ustaz-shákirt. Bunday etip sóylesiw eski ádebiy dóretpelerde kóbirek ushırasadı. Úshinshiden, soraw beriwshi menen juwap beriwshi arasında baylanıs birden kirisip ketpegen. Olar dáslep birin-bir túsinbey turadı. Tórtinshiden, qaharman avtorǵa soraw beriwge ótedi. Bular olardıń stillik ózgesheligin keltirip shıǵaradı. A.Xalmuratovtıń «Tilińniń astında ne jatqanın túsindim » degenjuwabında kórkem obrazlılıq jasırınǵan.

Jurnalist juwabı adamdı tartarlıq faktlerdi kórsetip tur. X.Dáwletnazarov jurnalistten ádebiyat hám onıń rawajlanıw dárejesi haqqında faktlerdi bildiriw ushın berilgen sorawına ulıwma basqa juwap alǵan. Máselen, onıń juwabında sın pikirler kóp. Bunıń menen ol arnawlı maqala etip jazıwǵa ılayıq temanı qozǵaǵan. Jazıwshılar awqamı úyiniń esigin tewip kirip-tewip shıǵıwın sóz etiwi menen bizińshe, ol bir qansha jazıwshılardıń kewline tiygen bolsa kerek. Bizińshe, bul jerde jurnalist obrazlılıq jarataman dep, dım turpayı ketip qalǵanday tuyıladı. Ekinshiden, rastan da waqıya usınday dárejege jetken, qálem iyeleri bir-birin sonday taqılette húrmetsizlik etip, dóretiwshilik ortalıqtı joqqa shıǵarıwǵa ákelgen. Óytkeni, ol bunnan basqada juwaplarında sın pikirler aytıp, bazı kimselerdiń kewline tiyiwge umtılǵan. Jurnalistikamızda sın janrlarınıń kórinbey ketken dáwirinde bunday sın pikirlerdiń beriliwi qonımlı jaǵday. Mısalı, «X.D. – Ustaz endi siyasattı jıynastırıp, Qaraqalpaqstan jurnalistikasınıń búgingi jaǵdayı tuwralı baqlawıńızdı bilsek…

A.X. - Jaranıń awzın ashıp, bir názik sawal berdiń-aw, inim! Shınımdı aytsam, geyparalardıń zeynine tiysem de usılay dewge májbúrmen: -alǵan baǵdarımız tuwrı bolǵanı menen kóshimiz mánzilge júdá áste-aqırınlıq penen jıljımaqta. Bunı mınalardan kóriwge boladı:

-Jurnalistlerdi qollap-quwatlaw, nátiyjeli jumıs islew ushın jaǵday tuwǵızıwdıń kemligi. Adamlardıń arasında ele bayaǵısınsha «áy, bir korrespondent ǵoy» degen keypiyattıń basımlıǵı. Bunıń sebebi, baspasóz hám ǵalaba xabar qurallarınıń kritikalıq shıǵıwlarına nemqurdaylıq penen qaraw, bolmasa qısım jasawlar ele de saqlanıp kiyatır.

-Jurnalistikaǵa tosattan kirip kelgen, talantsız, tayarlıqsız adamlardıń kóbeyiwi.Olardıń úrlegende bir túyir shoq kórinbeytuǵın sónik maqalaları baspasóz hám ǵalaba xabar qurallarınıń, basılımlardıń xalıq arasında bıırayın túsirmekte.

- Izleniwshiligimizdiń azlıǵı. Jurnalistikamızdı bezeytuǵın jańa tapqırlıq, burqasınlı ideyalar tuwılmay atır. Sońǵı kelip qoısılıp atırǵan jas jurnalistler sol burınǵı eski soqpaqtan «kúnim ótse boldı» dep júrgendey. Jańa kúshtiń kelip qosılǵanı geyde sezilmeydi de..

- Jurnalistikanıń janrları kórinbey atır. Ásirese, ocherk penen feleton. Házir biziń jurnalistikamızǵa Tajiaxmet Seytmamutov, Xalmurat Saparov, Keńesbay Smamutov onnan beri kele Abdulla Hábiypovtay feletonistler júdá kerek. Eger nahaq aytqan bolsam, qarańlar Ómirbay Ótewliev penen Tánirbergen Xudaybergenovtıń ara-tura jazǵan ocherkleri bolmaǵanda bul da umıtılǵan janrǵa aylanar edi. …Al endi jańa jumıs baslap atırǵan Saǵındıq Jániev degen balada azı-kem ushqın bar. Úrlep, alıstırıp jiberiwimiz kerek...»

Biz bul juwaptan avtordıń intervyu janrı arqalı sınnıń bir túri bolǵan recenziyanıń úlgisin kórdik. Avtor bunda jurnalistikamızǵa óziniń sın pikirlerin bildirgen. Eger bul juwaplardı avtor óz aldına material etip tayarlap bergende de utımlı shıǵar edi. Bunda aytılǵan kemshilikler orınlı. Jurnalist jurnalistikamızdaǵı nuqsanlardı aytıp birewdiń kewline tiygisi kelmegen, al berilgen sorawǵa juwaptı anıq faktler menen beriwge umtılǵan. Jurnalisttiń kitaplarındaǵı ocherkleri menen birge jazǵan maqalaların talqılap, onda sózdiń atqarǵan funciyasın úyrendik. Al, endi bolsa, onıń ózi shıǵarmanıń qaharmanı bolǵan dóretpege toqtap, onda avtor tárepinen sóz dizbeklerin dúziw usılların qarastıramız.

Juwmaqlap aytqanda, jurnalist A.Xalmuratov intervyulerinde sorawdı anıq hám nıshanaǵa dál beriwge umtıladı. Jurnalisttiń soraw beriwdegi sheberligi sonda faktlersiz pikirler arqalı, dálillengen mısallarǵa tiykarlarıp beredi. Sorawları júdá ápiwayı. Qısqa juwap talap etpeydi. Biziń baqlawımızsha, jurnalist A.Xalmuratov sorawdı kontur usılında beredi. Ol sorawlardı situaciyadan kelip shıqqan jaǵdayda taslaydı.Al, onıń sorawlarǵa juwap beriwdegi sheberligi sın pikirlewleri menen ayrıqshalanadı. Juwaplarında kritikalıq oylarǵa kúsh beriledi. Bunıń menen ol jurnalistikanıń sın janrın esletip ketedi.

**ÁDEBIYATLAR**


1. Берманқулов М.К. Сравнительный анализ жанров (репортаж, развитие документализма). Алма-Ата, 1975, Бекасов Д.Г. Корреспонденция, статья жанры публицистики. – М., 1972; Виды обзоров печати. Под ред. В.А.Шандра. Свердловск. – 1969; Газетные жанры. Под ред. В.М.Власова. М., 1976; Гребенина А.М. Обзор печати. М., 1980; Гуревич С.М. Репортаж в газете. М., - 1963; Жанры журналистики. Научн. ред. Юдкевич Л.Г. Казань. 1972; Жанры советской газетаы. Черепахов М.С. и др. М., - 1972; Корреспонденция-жанр публицистики. Уч. пос. Колосов Г.В. и др. Воронеж. 1987. Заметка как газетный жанр. М., 1985; Проблемы информации в печати. – М., 1971; Прохоров Е.П. Публицистическое обозрение. – М., 1963; Раот А.А. История жанра передовой статьи. Казань. 1980; Стилистика газетных жанров. Розенталь Д.Э. и др. М., 1982; Теория и практика периодической печати: Пельт В.Д. и др. М., 1980.
2. «Еркин Қарақалпақстан» газетасы, 1998, 10-февраль.
3. «Еркин Қарақалпақстан» газетасы, 1998, 30-январь.

4. Ворошилов В.Журналистика. Санкт-Петербург. Изд. Михайлова.1999. 68-бет.
5. «Еркин Қарақалпақстан» газетасы, 1998, 10-февраль
6. «Еркин Қарақалпақстан» газетасы, 1998, 30-январь.
7. Ворошилов В. Журналистика. Санкт-Петербург. Изд. Михайлова.1999. 68-бет.

**Rezyume.** Maqolada qoraqalpoq publitsist-jurnalisti Atajan Xalmuratovning ijodini tadqiq qilishga bag`ishlangan. Tadqiqotchi publitsist A.Xalmuratovning intervyu olish va respondent sifatidagi mahoratini tahlil qiladi.
**Tayanich sózlar:** Jurnalistika, janr, intervyu,maqola,muallif, osherk,respondent

**Резюме.** Статья посвящена изучению творчества rfhfrfkgfrcrjuj публицист- журналиста Атаджана Халмуратова. Исследователь анализирует навыки публициста А. Халмуратова как интервьюера и респондента.
**Ключевые слова**: Журналистика, жанр,интервью, статья,автор,очерк,респондент

**Summary**. The article is devoted to the study of the work of the Karakalpak publicist-journalist Atajan Khalmuratov. The researcher analyzes publicist A. Khalmuratov's skills as an interviewer and respondent.
**Key words**: Journalism, genre, interview,article, author,essay,respondent